



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON FINANSMAN FEDERAL 3 MILYON DOLA POU ELAJI AKSÈ NAN SÈVIS TELESANTE ATRAVÈ TOUT REJYON NEW YORK YO

Pwogram Telesante Kapital la ap sipòte deplwaman zouti telesante ki inovan epi amelyore aksè nan swen sante dekalite nan kominote iben ak riral ki defavorize yo

Patenarya ant Eta New York ak Patnè Filantwofik yo ap ede konble eka egalite nan swen sante a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwogram sibvansyon 3 milyon dola pou investi nan nouvel teknoloji k ap amelyore aksè ak adopsyon telesante nan kominote ki defavorize yo. Pwogram sa ap sipòte founisè sante kominotè yo achte aparèy siveyans odyovizyèl epi adistans epi travay ak lòt patnè kominotè pou tabli espas telesante fizik nan kote tankou bibliyotèk,abri pou sanzabri, famasi ak lòt kote. Y ap bay 150,000 dola pou chak nan dis rejyon Eta a. Y ap fè sibvansyon an koresponn ak sipò filantwofik yon pwojè Rockefeller Philanthropy Advisors, te tabli atravè jenewozite Eric ak Wendy Schmidt sou rekòmmandasyon Schmidt Futures, nan patenarya ak Fondasyon New York State Health. Sibvansyon yo gen objektif pou bay sipò piblik-prive pou inovasyon nan livrezon swen sante. Aplikasyon yo ap ouvri 4 janvyè 2022 epi w ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

"Chak Nouyòkè, ta dwe gen aksè nan bon kalite swen sante kèlkeswa kote yo abite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Telesante se yon zouti enpòtan ki pote swen sante nan kominote ki defavorize epi ekonomize alafwa tan ak lajan Nouyòkè yo. Atravè investisman sa yo, n ap travay pou asire ke chak moun gen aksè nan bon kalite swen epi yo ka wè doktè yo."

Pandemi COVID-19 la te montre ke telesante se yon zouti enpòtan pou elaji aksè pou kominote ki gen revni fèb yo. Pandan tout kriz la, Nouyòkè yo te anbrase telesante a ak antouzyas pa sèlman akòz bezwen distans sosyal men tou akòz telesante a te rann li pi fasil pou gen aksè nan bon kalite swen san tan ak depans pou deplase ale kay yon doktè. Sa espesyalman vrè pou reponn ak bezwen pou swen kontini nan sante mantal ak tretman pou toksikomani.

Pandemi COVID-19 la te akselere adopsyon telesante a. Sibvansyon sa yo ap asire ke tout Nouyòkè yo benefisye de inovasyon sa yo epi pa gen moun ki rete dèyè. Pwogram

sibvansyon sa se yon pati nan efò ki pi laj Eta a pou devlope epi amelyore aksè nan telesante. Nan bidjè Ane Fiskal 2022 a, New York te elimine egzijans plas ki depase a epi li te pèmèt plis founisè sante mantal ak twoub toksikomani bay swen adistans. New York te lanse tou yon seri pwogram fòmasyon anliy pou ede founisè yo aprann sou pi bon pratik pou adopte telesante ki disponib [isit la](#).

Eta New York devan nan inovasyon telesante, ki gen potansyèl pou chanje fason Nouyòkè yo gen aksè nan bon kalite swen.

Komisè Egzekitif Adjwen Enterimè Depatman Sante a (Department of Health, DOH) Kristin Proud te deklare, "Telesante se yon eleman enpòtan pou avni swen sante nan Eta New York. Lè nou devlope aksè nan telesante, n ap retire baryè k ap ede devlope swen ak tretman Nouyòkè yo bezwen epi merite nan yon fason ki apwopriye. Envestisman sa yo ap bay tou bon kalite swen ak swen ki fyab pou kominote ki defavorize istorikman yo, ogmante egalite epi ede konble eka nan swen sante a."

Ko-Fondatè Schmidt Futures ak Ansyen PDG Google, Eric Schmidt, te deklare, "Pandemi an montre nou ke telesante se yon pati ki endispansab nan yon sistèm swen sante ki efikas. Nou bezwen bay pasyan yo kapasite ak aparèy ak enfrastrikti ki nesèsè pou pwofite konplètman de telesante a. Inisyativ sa souliyen angajman antrepriz New York nan solisyon ki inovan ki kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite epi an sante."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)